



Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE VERIFIKASYON CHÈZ MACHIN GRATIS DISPONIB PANDAN SEMÈN SEKIRITE TIMOUN PASAJE YO

Gouvènè a ankouraje paran ak moun k ap bay swen yo pou yo pwofite ekipman chèz machin gratis yo ofri nan lokal nan tout eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a verifikasyon chèz machin gratis pou timoun pa mwayen teknisyen sekirite timoun pasaje ki sètifye pral disponib toupatou nan eta a pandan Semèn Sekirite sou Timoun Pasaje (Child Passenger Safety Week) yo, ki kòmanse dimanch 17 septanm epi fini avèk Verifikasyon Nasyonal Chèz (National Seat Check) la nan samdi 23 septanm. Evènman yo se yon pati nan yon inisyativ sekirite pandan tout yon ane kote ajans lapolis nan eta ak lokal yo travay ansanm ak plizyè patnè sekirite kominotè pou ofri ekipman gratis.

"Kòm yon Gouvènè, manman, ak grann, kenbe timoun nou yo an sekirite se yon gwo priyorite", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Verifikasyon chèz machin yo ka sove lavi, epi mwen ankouraje tout paran ak moun k ap bay swen yo pou yo sèvi ak opòtinite sa a pou asire pitit yo byen tache nan chèz ki bay wotè oswa chèz machin apwopriye pou pwoteje timoun nou yo epi sove lavi".

Dapre [Administrasyon Nasyonal Sekirite sou Otowout](#) (National Highway Traffic Safety Administration, NHTSA) la, an 2021, 1,184 timoun ki gen mwens pase 15 an te mouri nan aksidan sikilasyon epi 40 pousan nan timoun sa yo pa te tache. Menm ane sa a, anviwon 445 te blese chak jou nan aksidan sikilasyon pandan y ap monte nan machin, SUV (veyikil espòtif), kamyonèt, ak kamyon.

Komisè Depatman Veyikil ak Motè Eta New York la, ak Prezidan GTSC a Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Se yon reyalite pwouve ke lè w sèvi ak yon chèz machin, yon chèz ki bay wotè oswa yon senti sekirite kòrèkteman, sa ka sove lavi. Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a bay paran ak moun k ap bay swen yo enfòmasyon sou sekirite ak opòtinite pou enspeksyon chèz machin pandan tout ane a pou asire chèz sekirite timoun yo byen enstale. Evènman sa yo se jis youn nan plizyè fason New York ap ede pwoteje jèn lavi ki sou wout nou yo".

Selon NHTSA, lè yo itilize yo kòrèkteman, chèz machin yo diminye risk pou blesi fatal nan 71 pousan pou tibebe (mwens pase 1 an) ak nan 54 pousan pou timoun piti (1 rive

4 an) nan machin pasaje yo. Pandan ke pifò paran yo kwè ke yo te byen enstale chèn machin pitit yo, chèn yo te enstale mal nan 46 pousan nan ka yo.

Teknisyen ki resevwa fòmasyon pral itilize modèl "Aprann, Pratike, epi Eksplike" pou edike moun k ap bay swen yo sou kijan pou yo chwazi yon dispozitif pou kenbe timoun ki pral apwopriye pou pitit yo, apwopriye pou machin yo epi kijan yo dwe itilize li kòrèkteman chak fwa.

Paran ak moun k ap bay swen yo kapab [jwenn evènman verifikasyon chèn machin Semèn Sekirite Timoun Pasaje ki gratis yo nan rejyon yo a](#) oswa pran yon randevou nan yon [sit rejyonal apwopriye ekipman pou chèn machin nan tout ane a](#).

Anplis ekipman chèn machin yo, paran yo ak moun k ap bay swen yo ka wè yon [seri videyo](#) ke NHTSA te pwodui sou enstalasyon chèn machin oswa chèn ki bay wotè apwopriye ki bay fas dèyè ak fas devan. NHTSA ofri enfòmasyon tou [sou anrejistreman yon chèn machin](#), jwenn bon chèn machin lan selon laj ak gwosè yon timoun epi gade [klasifikasyon sou tout chèn machin yo](#).

Pou plis enfòmasyon sou GTSC, vizite trafficsafety.ny.gov, oswa swiv GTSC sou [Facebook](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418